

## Direktiv pou Pasyan an ak Moun k ap Okipe li an pou Vizit Telesante an Gwoup nan Òtopedi

*Chak depatman gen direktiv pa li pou gwoup pasyan*

- **Vini alè** - bay tèt ou kont tan pou konekte sou òdinatè/tablet/telefòn entelijan an, enstale tout bagay, epi verifye tout bagay mache byen
- **Konfidansyalite** - tout bagay yo di nan gwoup la konfidansyèl
  - Pa bay lòt moun non patisipan yo epi pa rakonte istwa yo
  - Pa anrejistre ni video ni odyo
  - Pa pran foto gwoup la
  - Ou dwe nan yon kote prive pou patisipan yo pa bezwen enkyete dèske gen lòt moun k ap tandem enfòmasyon yo
- **Respekte lòt moun yo**
  - Koute lòt moun yo
  - Tanpri bay chèf gwoup la tout atansyon ou
  - Tanpri bay tout patisipan yo tan pou yo pale
  - Pa ni sèvi ak telefòn ou, ni manje, ni fimen pandan w nan gwoup la
  - Koute jan patisipan yo idantifye tèt yo epi lè w ap pale avèk yo sèvi ak non ak pwonon yo pito a (he/she/they)
- **Sèvi ak teknoloji an kòmsadwa**
  - Si gen bwi nan fon an, tanpri mete odyo w sou silans jiskaske lè a rive pou w pale
  - W ap sou video ak odyo donk tanpri abiye byen epi fè atansyon ak anviwònman an
  - Pou anpeche lòt moun wè lakay/anviwònman ou, pa ezite chanje sèn ou nan paramèt Google Meet yo
  - Pa mete lòt patisipan yo sou bèbè
  - Ou te mèt etenn kamera video w lan pou pwoteje vi prive w pi byen
- **Pa pran ni pwodui ilegal, ni alkòl, ni marijàn**
  - Pa patisipe ni pandan ou sou ni pandan ou sou enflyans dwòg
- **Si ou pa alèz poze kesyon nan gwoup la**, tanpri rele kabinè chirijyen w lan pou poze kesyon yo